



Pou Piblikasyon Imedya: 25/07/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ LWA POU PÈMÈT DISTIYRI FÈM YO VANN BYÈ,
DIVEN AK SIDR KI GEN ETIKÈT ETA NEW YORK
POU KONSOMASYON NAN LOKAL YO**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a pwojè lwa pou pèmèt distiyri fèm yo vann byè, diven ak sidr ki gen etikèt Eta New York pou konsomasyon nan lokal yo.

“Mezi sa ap retabli egalite pou endistri bwason fabrike ki ap boujonnen New York yo, epi pèmèt gen nouvel sikilasyon revni yo ak ekspozisyon pou gwo brasri, distiyè, ak pwodiktè diven ak sidr yo ki toupatou nan gwo eta sa”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Jan mwen te di sa plizyè fwa, lè Nouyòkè yo achte pwodwi ki te fabrike New York yo, tout moun genyen.”

Anvan dokiman lwa sa (S.2481/A.2994) ke y’ap siyen pou vin tounen lwa, distiyri fèm yo te ka vann sèlman likè ki gen etikèt Eta New York pou konsomasyon nan lokal yo. Pandan tan sa, brasri fèm yo, sidri fèm yo ak vinòb fèm yo tout gen pèmision pou vann byè, diven, likè ak sidr ki gen etikèt Eta New York pou konsomasyon nan lokal yo.

Nouvel lwa sa pral amande seksyon 61 nan lwa sou kontwòl bwason alkolize yo pou pèmèt distiyri fèm yo vann byè, diven ak sidr ki gen etikèt Eta New York pou konsomasyon nan lokal yo, ki ap rantre an vigè imedyatman.

Senatè George Amedore te deklare, “Dokiman lwa sa konble diferans final ki te nan endistri bwason fabrike a, nan pèmèt distiyri fèm yo elaji pwodwi yo pou konsomasyon nan lokal yo. Ak nouvel lwa sa, endistri sa ki ap fleri a pral totalman ekipe ak zouti ki nesèsè yo pou kapab kontinye atire Nouyòkè menm jan ak touris nan eta nou an pou vin wè ak pwòp tèt yo destinasyon klas mondyal yo ke New York gen pou ofri”.

Manm Asanble Pat Fahy te deklare, “Brasri, vinòb ak sidri fèm yo tout gen dwa pou ofri goute pou divès bwason ki fabrike nan lokal yo - dokiman lwa sa retabli jistis pou distiyri fèm yo, ki anvan sa te eskli nan dwa sa. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li siyen dokiman lwa sa pou li vin tounen lwa, sa ki ap pèmèt pwodiktè bwason fabrike ki nan fèm yo atravè Eta New York ka prospere kòm faktè k’ap atire touris ak ekonomi lokal atravè eta a”.

John Curtin, ki se ko-fondatè ak ko-pwopriyetè, Albany Distilling Company epi vis prezidan New York State Distillers Guild te deklare, “Nou pa kapab ekspri konbyen siyati dokiman lwa sa siyifikatif anpil pou endistri distiyri fabrik New York lan. Pou nou nan Albany Distilling, nou te fè investisman konsiderab nan antisipasyon adoptasyon dokiman lwa sa, ki

enkli yon nouvell sal pou moun goute ak etablisman pwodiksyon. Nou kapab sèvi likè nou yo ak fyète bò kote konpayon byè, diven ak sidr ki te pwodwi New York yo nan vè yo. Yon kokennchenn remèsiman pou Gouvènè Cuomo poutèt lidèchip li nan fè Empire State vin kapital endistri bwason fabrike nan nasyon an”.

###

W'ap jwenn lòt nouvell ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418